



Pou Piblikasyon Imedya: 27/04/2023

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL BAY NOUYÒKÈ YO MIZAJOU SOU RESOUS ETA A  
DEPLWAYE POU EDE GOUVÈNMAN LOKAL YO APRE TÒNAD NAN KONTE  
SULLIVAN**

***Nou ankouraje Nouyòkè yo rele liy dirèk DFS pou Katastwòf la nan (800) 339-1759 pou kesyon ki gen rapò ak asirans***

***Depatman Agrikilti ak Mache a ankouraje fèm ki afekte yo pou yo kontakte Ajans Sèvis Agrikòl Depatman Agrikilti Etazini an pou yo rapòte domaj yo***

Jodi a, Gouvènè Kathy Hochul te dirije lòt byen ajans Eta a nan Konte Sullivan pou ede kominote yo rekipere apre yon tònad te frape Roscoe ak Callicoon Center. Biwo Sèvis Meteyo Nasyonal la nan Binghamton te detèmine tònad la se te yon EF2 sou Echèl Fujita Amelyore, avèk van maksimòm 185 kilomèt alè. Tònad la vwayaje 16 km avèk yon lajè maksimòm 300 mè.

"Sekirite Nouyòkè yo se pi gwo priyorite mwen, epi mwen te mande Administrasyon mwen an pou bay tout asistans nesèsè bay moun nan Konte Sullivan ki te afekte nan katastwòf natirèl sa a", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Depi tònad sa a te frape, ekip mwen an te an kontak konstan ak ofisyèl eta ak lokal yo, ak pare pou ede moun tanpèt la te afekte. N ap kontinye mobilize tout resous ki disponib pou ede kominote sa a rekonstwi ak rekipere l".

**Sirentandan Depatman Sèvis Finansye Eta New York la, Adrienne A. Harris, te deklare,** "DFS pare pou ede pwopriyetè kay ak biznis ki afekte yo avèk kesyon asirans ak reklamasyon ki gen rapò ak tònad yo nan Konte Sullivan. N ap kontinye ede nan efò repons pou ijans an patenarya avèk lòt ajans eta yo ak patnè lokal yo pou ede kominote sa yo rekonstwi ak rekipere".

**Komisè Depatman Agrikilti ak Mache yo, Richard A. Ball, te deklare,** "Lè katastwòf frape, li enpòtan anpil pou nou mete tèt nou ansanm kòm yon eta pou ede moun ki afekte yo. Sa gen plizyè ane, yon gwo inondasyon te frape pwòp kominote mwen an nan Schoharie, se poutèt sa mwen konprann dirèkteman enpòtans pou nou mobilize ak sipòte youn lòt apre yon move tan. Nou menm nan Depatman an pran angajman pou ede bay rezidan Konte Sullivan yo ak kominote agrikòl li yo asistans yo bezwen pou yo retounen sou pye yo, rekonstwi, epi rekipere".

**Senatè Eta, Peter Oberacker, te deklare,** "Pandan m ap kontinye pale ak ofisyèl lokal yo nan Konte Sullivan, li klè ke yo bezwen sipò adisyonèl pou ede moun dènye tònad la te afekte. Ekspè yo avèk Depatman Sèvis Finansye se yon gwo resous epi mwen ankouraje pwopriyete kay ak biznis yo pou yo pwofite opòtinite sa yo pou jwenn asistans. Sa a se jis yon etap nan pwosesis la pandan n ap travay pou rekonstwi kominote nou yo, men se yon kòmansman enpòtan epi mwen vrèman apresye repons ijans DFS la".

**Aileen Gunther, ki se yon Manm Asanble, te deklare,** "Yon katastwòf te rive samdi, epi pandan nou ka rele tèt nou beni paske pa gen okenn lavi ki te pèdi, anpil nan zanmi ak fanmi nou yo ap toujou bezwen asistans enpòtan. Kominote nou an te reyini avèk kouraj pandan moman difisil sa a, epi mwen vle espesyalman remèsye Depatman Sèvis Finansye a paske li te vin dirèkteman nan kominote ki afekte yo. Mwen fyè de repons rapid Eta a epi mwen apresye tout èd yo bay fèm, biznis ak fanmi nou yo. Rekiperasyon apre tanpèt sa a pral pran tan, epi mwen vle asire tout moun ke mwen pral la pare pou ede jiskaske tout moun tounen sou pye yo".

### **Aktivite Entèvansyon Ajans lan**

#### **Depatman Sèvis Finansye**

Depatman Sèvis Finansye a pral deplwaye nan kominote ki afekte yo pou bay èd asirans pou rezidan tònad nan Konte Sullivan afekte. Akoz gwo domaj ki ap afekte kay ak pwopriyete yo, pèsònèl nan Depatman Sèvis Finansye a pral mete pèsònèl nan sant resous yo pou ede abitan ak pwopriyete biznis yo fè depo reklamasyon asirans yo jan sa nesèsè.

#### **Jedi 27 avril, Vil Rockland**

- Roscoe Community Center, 1968 Old Route 17 Roscoe NY 12776
- 12 PM - 6 PM

#### **Jedi 28 avril, Vil Callicoon**

- Callicoon Town Hall, 19 Legion St, Jeffersonville, NY 12748
- 9 AM - 4 PM

Rezidan yo ki pa kapab ale nan sant resous yo ka jwenn asistans tou avèk kesyon sou sèvis finansye, ki gen ladan enfòmasyon sou asirans konsènan kouvèti polis pou pèt lè yo rele Liy Dirèk nan ka katastwòf Depatman Sèvis Finansye a nan 800-339-1759, chak jou, 8:30 am pou 4:30 p.m. epi lè yo antre sou sitwèb Depatman an nan [dfs.ny.gov](https://dfs.ny.gov).

#### **Depatman Agrikilti ak Mache**

Depatman Agrikilti ak Mache ap travay ak ofisyèl federal nan Ajans Sèvis Agrikòl  
Depatman Agrikilti Etazini an pou asire ke fèm ki afekte yo ka resevwa konpansasyon.

Nenpòt fèm ki gen domaj ta dwe kontakte Sant Sèvis FSA a lè yo rele (607) 865-4005 pou rapòte domaj la. Nan yon efò pou asire yo rekonèt kominote agrikòl la apre evènman katastwòf ak efò rekiperasyon, zouti sondaj soumisyon domaj sa a pèmèt pwodiktyè oswa manm kominote agrikòl la anrejistre domaj ki te rive nan lokal yo. Sondaj la ede swiv ak evalye domaj patnè lokal, eta oswa federal yo ka mande pou ede yo fè deklarasyon ijans yo.

W ap jwenn plis enfòmasyon [isit la](#).

###

Lòt nouvell disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)